ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ЛЕ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№196 (21.604) ● 2009 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 16, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомы 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIэ льапIэхэр фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIэныгъэ щIэныгъэлIэныгъэ зиIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым ЩIэныгъэмкIэ и министрым и къудамэм

Текуев Нинэ Идрис и ныбжь - Налшык къалэм дэт «Профессиональнэ еджапIэ №8» кIэрал еджапIэм и унафэщIым

ХъэщIэлI Суфян Мухьэмэд и къуэм - «Шэджэм муниципальнэ районым егъэджэныгъэмкIэ и управленэ» муниципальнэ Iуэхущапlэм и Iэщlагъэлl нэхъыщхьэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м
№179-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ кIэрал къэщIэныгъэм (кIэлъыплъныгъэм) и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэм щрагъэкIуэкI хьэрычэт лэжьыгъэр къэзыдгъэхъ административнэ лъэпощхьэпохэр гъэмэщIэн, «Къэрал къэщIэныгъэр» (кIэлъыплъныгъэр), муниципальнэ къэщIэныгъэр щрагъэкIуэкIкIэ юридическэ IэнатIэхэмэр щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмэр я хуитыныгъэхэр хьэмэным и Iуэхукlэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м кьыдэкIа Федеральнэ закон №294-ФЗ-м, «Хьэрычэт лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIкIэ хуагъэзэ административнэ мардэхэр гъэкIуэдыным и лъэныкъуэкIэ икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIыпхьэхэм я Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2008 гъэм накьыгъэм и 15-м кьыдигъэкIа Указ №797-м кьагъэувкэр гъэзэщIэн мурадкIэ, **унафэщI**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органу щIыналъэ кIэрал къэщIэныгъэр (кIэлъыплъныгъэр) егъэкIуэкIыныжкIэ полномочие зиIэхэр къэщIэн, мы Указым и гуэдзэным эзритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органу щIыналъэ кIэрал къэщIэныгъэр (кIэлъыплъныгъэр) ирагъэкIуэкIыну полномочие зиIэхэм я унафэщIхэм яхуэгъэувыд 2009 гъэм ирагъэкIуэкIыну къэпщIэныгъэхэм я планхэр (кIэрал къэпщIэныгъэ (кIэлъыплъныгъэр), муниципальнэ къэщIэныгъэр щрагъэкIуэкIкIэ юридическэ IэнатIэхэмэр щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмэр я хуитыныгъэхэр хьэмэным и Iуэхукlэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м кьаущта Федеральнэ закон №294-ФЗ-м кьыгъэувкэр къэлытауэ зэрагъэзэхуэжыну.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм хуэгъэувы:

хьэрычэт Iуэху цIыкIумрэ курытымрэ я субъектхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкIэ я сIэпэ зыхэлъхэмрэ пхыгъэкIыныр къэзылъахьэ, абыхъм мылькукIэ хэщIныгъэ кьезыт, нэгъэщIу Iуэхур зэблэзыгъэу хабзэншагъэхэр къулыкъу зыIыгъ цIыхухэм зэралажьым (я кьалтэжэр зэрамыгъэзащIм) ятеухуа информацэ кьыщыIэрыхьам дежь апхуэдэ кьулыкъущIэу административнэ лъэпощхьэпохэр кьэзыщIэ хабзэншагъэхэр зылэжьахэр, Iуэхур кIыхьлIыхь зыщIахэр, IэхъуэгъэтегъэкIыу зи IэнатIэм Iутхэр дисциплинарнэ, административнэ ягуэпым ирашлIэн папщIэ, икIэщIыпIэкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым, къэрал властым и органу зыхуэфащхэхэм я унафэщIхэм, прокуратурэм и органхэм хьыбар яригъэщIэну;

«Къэрал къэпщIэныгъэ» (кIэлъыплъныгъэ), муниципальнэ къэпщIэныгъэ щрагъэкIуэкIкIэ, юридическэ IэнатIэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я хуитыныгъэхэр хьэмэным и Iуэхукlэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м кьаущта Федеральнэ закон №294-ФЗ-м кьыгъэувкэр зэрыгъэзэхуэжыным, щIэныгъэлIэныгъэ зиIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым, къэрал властым и органу зыхуэфащхэхэм я унафэщIхэм, прокуратурэм и органхэм хьыбар яригъэщIэну;

«Къэрал къэпщIэныгъэ» (кIэлъыплъныгъэ), муниципальнэ къэпщIэныгъэ щрагъэкIуэкIкIэ, юридическэ IэнатIэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я хуитыныгъэхэр хьэмэным и Iуэхукlэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м кьаущта Федеральнэ закон №293-ФЗ-м кьагъэувкэр мардэхэмрэ хабзэхэмрэ хьэрычэт IэнатIэм IэрытхэрпIэ нэгъэсауэ щыгъуазэ щIыныр кьыздригъэпщынэу икIи апхуэдэ информацэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм я официальнэ Интернет-сайтхэм ирилъхьну;

хьэрычэт Iуэху цIыкIумрэ курытымрэ я субъектхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкIэ я сIэпэ зыхэлъхэмрэ зэрытетым кIэлъыплъын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэм къэпщIэныгъэхэр щыщрагъэкIуэкIым дежь щIэ хабзэхэм тету, абыхъм жылагъэ зэгуфхэныгъэхэм, хьэрычэт Iуэху цIыкIумрэ дэIыгъыныжкIэ инфраструктурэм хиубыдэ организацэхэм я экспертхэр хэтынкIэ яригъэщIэну.

4. Мы Указым кIэру егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м
№176-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м кьыдигъэкIа Указ №176-УП-мкIэ кьыдитащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органу щIыналъэ кIэрал къэщIэныгъэ (кIэлъыплъныгъэ) егъэкIуэкIыныжкIэ полномочие зиIэхэр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Узынщагъэр хьэмэныжкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Дыкъэзыухъуреихь дунейр хьэмэныжь щIыуэпсыр къэгъэсэбэныныжкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Тарифхэмкlэ и къэрал комитетыр

Лъэпкъым и усакIуэ



Гуфlэгъуэ пшыхьэм щIедзэ.

АБЫ КЪРИХЬЭIIАЩ КЪБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен,** Парламентым и Унафэщl **Чеченов Ануар,** депутатхэр, министрхэр, Москвэ къалэм, Къэрэшей-Шэрджэс, Къалмыкъ, Дагъыстан, Ингуш, Шэшэн, Алтай республикэхэм, Ставрополь крайм кьикIа хьэщIэхэр.

Пшыхьыр кьызэIуихащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ.** Абы псалъэ иритащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщl **Чеченов Ануар.**

- КьызэрыгуэкI мэкъумэщIэ унагъуэм кьыхэкIа щIалэ цIыкIур философ, усакIуэ, узэщIакIуэ хьуну зыми и щIыхьэпIэ кьыхэхуэутэкъым, уадэ Iэщlэлъу ар кIыщым щыщIэта зэманым,Ефэндым деж щIэныгъэ щIэзэригъэгъуэта нэужь, Кязим хьэжьщI Мэчэм кIуащ. ХьэрыпыбзэрпиркуБзэри и анэдэлхубзэм хуэдэу зыIурылъ, щIыху усакIуэм кьызэринэкIа къулеигъэращ балькъэр льэпкъым абы фIыщIэпхуэ щIыхуищIыр, - кьыхиигъэщащ доклад зыщIам.

Балькъэр усакIуэм и фэеплъ махуэм ирихьлIэу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм кьыдигъэкIащ Мечиевым и усэхэр щыгъэхъуэса тхылъ. Апхуэдэу Мечиевым и кхъащхьэм удз гъэрбгъэкIэ тральхьащ, ар кьыщалъхуа Шыкъы куажэм нобэ щIыхубэ зэхуэс щекIуэкIынущ. УсакIуэм и фэеплъщ Къэщхьэтау бэнэкIэ хуитымкIэ щекIуэкIыну зэпеуэри.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Гуфlэгъуэ пшыхьым щызэрихьэлIащ КъШР-м и ТхакIуэхэм я гуащэ Бэчыжь Лейлэрэ КЪР-м и щIыхубэ усакIуэ Зумакуловэ Танзилэрэ.

Налшык къалэ дэт Музыкэ театрым дыгъуасэ щекIуэкIащ балькъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Мечиев Кязим къызэралъхурэ илъэси 150-рэ зэрырикъум трауХуа гуфIэгъуэ пшыхь.

●Дыгъуасэ

●Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Сыт иджыпсту щIэупщIэ нэхъыбэ зиIэр?

Кризисым пэщIэтыныжкIэ комиссэу КъБР-м и Парламентым деж щыIэм и зи чэзу зэIущIэ жэпуэгъуэм и 13-м екIуэкIащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м Законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Унафэщl Чеченов Ануар, абы и къуэдзэхэу Бозий Натбийрз Саенкэ Татьянэрэ, депутатхэр, министрхэр, нэгъэсащIхэри.

IэщIагъэ щрагъэгъуэт аджапIэкIэ къэзыуухэр лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыным пыщIа гугъуехьхэрт япэу зи гугъу ящIари, абы теухуауэ къэпсэльащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **ЩхьэгъэпсэСэфарбий.**

- Ди министерствэми егъэджэныгъэм епха нэгъэщI Iуэхущ1апIэ зыбжанэми я кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ Iэщlагъэлl ныбжьыщIэхэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыныр. Дызэрыт зэманым, зи гугъу тщIыхэм экономикэр зэрыхъэмыныкъуэм кьыхэкIыу, щIалэгъуалэ къэд Iэнатlэнэщащ, - жиIащ Щхьэгъэпсэм. - Къэбэрзыкъэрэмэ, иджыпсту щIэупщIэ нэхъыбэ зиIэр хьыбарегъащIэ технологием, ухуэныгъэм, архитектурэм хуеджахэрэр, япэхэми хуэдэу къэдащ экономикэ, юридическэ щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтхэр. Ахэращ нэхъыбэу IэнатIэнэщ хьури.

Министрыр тепсэлъыхьащ цIыхухэм Iэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр яхуэзыщIэ Iэщlагъэпlэм республикэр нэхъ зэрыхуэныкъуэм, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэхэр Iэхунэщ щIэхъум и щхьэусыгъуэм, а щытыкIэр ебгъэфIакIуэ зэрыхъуну кIыльытэ Iэмалхэм.

Адэкlэ министрым и псалъэхэм дыщIагъуу, еджапIэ нэхъыщхьэхэм абы и лъэныкъуэкIэ ялэжьхэр къыхэщу КъБКъУ-м и проректор **Башиевэ Светланэрэ** КъБКъМА-м еджапIэр къэзыухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжкIэ и центрым и унафэщI **Уянаев Борисрэ.** КъБР-м ЦIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыныжкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къудзэ **ГугъуэтФатIимэ** къызэхуэсахэм я пащхьэ къриIлъхьащ цIыхухэр, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр, лэжьыгъэкIэ къызэпэщыныр теухуауэ ялэжьхэр, IэнатIэнэщхэм я бжыгъэмрэ абы хэм ядэIэпыкъуныр зэрекIуэкIымрэ.

ЕтIуанэ упщIэу зэIущIэм щызэпкърахар 2009 гъэм губгъуэ лэжьыгъэхэм я лъэхъэнэм мэкъумэшым елэжьхэм кьагъэсэбэпа гъэсыныпхъэхэм я уасэрщ. Абы теухуауэ убгъуауэ къэпсэльащ КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, уней мылькумрэ хьэрычэтыщIэ Iуэхуэхмкlэ и комитетым и унафэщI **Марьяш Иринэ.**

Абы жиIащ дызэрыт илъэсым губгъуэ лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщауэ егъэкIуэкIыным теухуауэ УФ-м и Правительствэм кьыдигъэкIа Унафэм ипкъ икIэ, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэр, Энергетикэмкlэ и министерствэр, щIыдагъэм елэжь компаниехэр зэгъэсэу губгъуэ лэжьыгъэхэм кьыщагъэсэбэныну гъэсыныпхъэхэм - дизель гъэсыныпхъэмрэ автобэнзинымрэ - я уасэр зэраубэзыхуар. Къэбэрдей-Балькъэрым ГъатхэпэI - накъыгъэ мазэхэм губгъуэ лэжьыгъэм хэтхэр гъэсыныпхъэкIэ нэхъыбэу кьыззэгъэпэщар «Роснефть» ОАО-рщ. КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм и фIыгъэкIэ, мэкъумэш лэжьыгъэр зи пщэ илъ Iуэхущ1апIэхэр и чэзум дэлэжьэн щIадзащ «Роснефть»-м. Яныныкъуэ Iуэхущ1апIэхэм я Iуэхур зыхуэй хуэзэу зэрыдгъэмыкIым къызэкIыу, гъэсыныпхъэхэр щIыхуэу кьаштащ, гъавэр ящэмэ, ятыжьыну. Апхуэдэу «Къэббалъкъэнерго» ОАО-м и щIыхуэу мэкъумэш хозяйствэм елэжьхэм сом мелуанищэм щIигъу зэрательыр, газымкIэ щIыхуэ зэрызытрамыгъэхьар кьыхихгъэщащ Марьяш. А Iуэхум ехьэлIауэ къэпсэльащ министерствэхэм, ведомствэ щхьэхуэхэм я лIыкIыуэхэр.

НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэ.

●КъБР-м и Правительствэм

Прохладнэ къалэм и Iуэху зыIутыр

Дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен щыIуащ ди щIыпIэм и къалэхэм, куейхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм. ЗэIущIэм кьрихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Къэмалэ Чеченов Ануар, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl Меркулов Александр, абы и къуэдзэ хуэ Дышэкl Мадинэрэ Уянаев Казимрэ, министрхэр.

ЗэIущIэр кьызэIуиха нэужь, Кьанокъуэ Арсен псалъэ иритащ Прохладнэ кьалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ **Пархоменкэ Юлие.** Прохладнэ кьалэ округым и администрацэм 2008 гъэм, 2009 гъэм и мазэ 9-м кьриубыдэу щIыпIэм щызэфIигъэкIа лэжьыгъэхэмрэ 2010 гъэм кьыпэщIыпIэ кьалэнэхэмрэ кьыхэщIэзыубыдэ доклад щэщIа Пархоменкэ щищIащ зэхуэсым кьрихьэлIахэм я пащхьэ.

- Дызытепсэльыхь лъэхъэнэр тыншу щытакьым Прохладнэ кьалэм щыпсэухэм я дежкIэ. Кьалэдэсхэм я гъащIэр егъэфIэкIуэныжкIэ кьалэ унафэщIхэм тлъэкI кьэдмыгъанэми, щIыхуэм тхьэ уасыхафэ куэд яIэщ псэупIэ-коммуналнэ Iуэхутхьэбзэхэм, гъуэгуэм я щытыкIэм, кьалэм дэт ефедапIэ IэнатIэхэм, сымаджэщхэм яхуэгъэзэауэ, Мыльку йомыхьэлIэу апхуэдэ Iуэхуэхэр зэфIэха хьуркьым - длэжьын хуейм елыытауэ ар кьыдомэщIэкI. Ильэсым и япэ Iыхьэм щыIа кризисым и зэрэнкIэ кьалэм кьыщыхэтхьыу щыта налогхэм кIэрыхуащ, кьыщIэдгъэкIыу щыта продукцэри нэхъ мащIэ хьуащ. Лэжьапlэ Iэнатlэхэм хэщIурэ екIуэкIащ. Апхуэдэу кьалэм дэт предприятэхэм я нэхъыбэр зэрылэжьар лэжьэгъуэ тхьэмахуэм щыщу махуэ зыбжанэщ. Абы щыпIэ бюджетым хэщIыныгъэ иритащ, - жиIащ Пархоменкэ. - Кьалэ мылькум хэщIыным дыхуэзыща зэхуэмыдэныгъэхэм ящыщ цыху 1500-рэ кьыззэщIуфыдэу Прохладнэ кьалэм дэта дзэ часть 64201-р абы зэрыдэкIыжар. Махуэ бжыгъэ и пэкIэ дэ дыхуэзащ абы и пIэкIэ кьалэм кьыщызэрагъэпэщыжу дзэ частыщIэм и унафэщI Борисов Сергей. Абы зэрыжиIамкIэ, мы гъэм дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлIэу дзэ частыщIэм щыщу миным щIигъу хэтынущ. Догупъэ а Iуэху и фIыгъэкIэ щыпIэ бюджетым ещанэ тет автобусхэмрэ маршрутхэхэмрэ я бжыгъэр мащIэщ. 2009 гъэм кьыдатыну жаIащ иджыри апхуэдэ транспорту 6. Ахэри сэбэп хьунут кьалэдэсхэр кьешэжкIынымрэ нэхъ тынш щыныжкIэ.

Прохладнэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныжкIэ, Пархоменкэ зэрыжиIамкIэ, кьалэ унафэщIхэм гулытэшхуэ хуащI абы дэт едкапIэ, гъэсапIэ, щэнхабзэ, спорт Iуэхущ1апIэхэр, зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэр зэпэщу щыгъэтыныным. Ауэ зи цIыху бжыгъэм ильэс кьэс хэщIурэ кIуэ кьалэм и экономикэр апхуэдэ щыкIэкIэ кьэIэта хьунукъым. Абы кьыхэкIыу ар промышленнэ щIыпIэ хэха щIын хуейуэ кьильытащ кьалэ администрацэм и Iэтащхьам. А мурадыр кьайхьулIэн папщIэ щыIэ хэкIыпIэхэри и кьэпсэльэныгъэм кьыщигъэнэхуащ.

Пархоменкэ и докладым щытепсэльыхьым, абы и Iыхьэ зэхуэмыдэхэм кьыт еуащ Кьанокъуэ Арсен, Чеченов Ануар, Меркулов Александр сымэ. Апх уэдэу, куей унафэщIым жиIам ипкъ иткIэ яубыхуэ унафэхэр кьыщащтэм, Iуэхум жыджэру хэтащ министрхэу **Афэщlагъуэ Мухьаил, Бицу Вадим, Мусуков Алий** сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхъм докладымрэ унафэм и проектымрэ дагъуэ зыбжанэ я хуащащ. Ахэр зэрагъэзэхуэжа нэужь, дэфтэрхэм арэзы техьауащ. Кьанокъуэм зэрыжиIамкIэ, Прохладнэ кьалэ адміністрацэм и лэжьыгъэм, зэрыщыту кьаштэмэ, арэзы утехьуэ хьунущ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм республикэм и кьалэхэм, куейхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр зыгъэпIейтей Iуэхуэхэр утыку кьралъхьащ. Абыхъм зэхуэсым кьрихьэлIаХэр кIэщIу тепсэльыхьащ, хэкIыпIэхэри аубзыхуащ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Лондонрэ Москвэрэ зопсальэ

Электрокъарум техуауэ зэрыздалъхьэфынум тепсэлъыкъын папщIэ Москва къэкIуащ Великобританием энергетикэмкIэ и министр Милибэнд Эд. КъэралтIми я фейдэ а Iуэхум зэрыхэлъым тыншу зэгурыгъэIуащ лъныкъуитIым.

Лондонрэ Москвэрэ мыхъэнэшхуэ иIэу кьалытэ министрыр Урысейм къызэрыкIуам, сыту жыпIэмэ, мы къэралитIыр щIэ зэрызэхуэхъурэ, Милибэндщ кьулыкъущхуэ зыIыгъэм ящыщу абыкIэ кьыкIар.

ЩкIуэгъуэм и 2-м Москва къэкIуэнущ Великобританием и МИД-м и унафэщIыр. Ар Милибэнд Эд и къуэш нэхъыкIэ Дэвидщ, Урысейм зэхэщIыдэныр хьэл зыхуэхьуахэм ящыщ щыщ.

Пэжьымрэ щIымрэ

«ЛДПР»-мэ «КПРФ»-мэ я унафэщIхэр УФ-м и Президентым епсэлъа щхьэкIэ, Думэм ягъэзэжьи мурад яIэкъым.

Лебедев Игорр Жириновский Владимирр Медведевым телефонкIэ щепсальэм, ахэр Президентым кьигъэгугъащ зэхьыныгъэхэм теухуауэ хуаIуэта гукъеуэхэм лъабжьэ яIэрэ ямыIэрэ зэхигъэкIыну.

- Дэ кьыдгуроIуэ президентым Iуэху куэд зэриIэр, ауэ Думэм дгъэзэжьнукъым, иджыблагъэ екIуэкIа хэхьныгъэхэм ирилъхьу, Iуэхум и пэжыпIэр наIуэ къамыщIауэ! - жиIащ Лебедевым.

Пакистаныр мэлъаIуэ

- Шанхай зэгуэхьэныгъэм лъэныкъуэкIэ дыкьыщецIлъмыхьу, и лэжьыгъэхэм дыхэтыну, дэри зыгуэр хэтлъхьэну дыхуейщ, Шанхайм кьызэщIиубыдэ щIыналъэхэм дэри дащыщщи, - жиIащ Пакистаным и премьер-министр Разэ Юсуф.

Абы жиIар диБыгащ Урысейм и Президент Медведев Дмитрий икIи кьыхуэгъэщIащ Пакистаным и жэрдэмыр диБыгыну зэрыльхъэныр. Разэм апхуэдэ гулытэр и гуапэ хьуауэ икIи жиIащ Урысейм зыщызыбгъуэта терроризмэр къызэринэкIыныжкIэ къызэрыдэIэпыкъуну.

◆ **Ерыскъым и дунейпсо маухуэ.**

◆ 1916 гъэм кьалъхуащ тхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI, Урысеймрэ КъБАССР-мрэ гъэздэжьэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Щортэн Аскэрбий.**

◆ 1917 гъэм кьалъхуащ филологие щIыныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, тхакIуэ **Кьардэн Бубэ.**

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакьикъ 20-м, кьуэхьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъ 24-м.**

◆ **Махуэм и кьыкIагъэ сыхьэт 11-рэ дакьикъи 4-рэ.**

Пэжьымрэ щIымрэ
КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Зэманым къотIасэ

АДЫГЕЙ. ***2009 гъэм республикэ сымаджэщыр къызэгъэпэщыжыным сом мелуан 20 щIыпIэ бюджетым щыхухахынущ.***

- Дэ дыхущIокъу ди цIыхухэм ирагъэгъуэт медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм иджырей зэманым къитIасэу зэрызедгъэужьыным, зэредгъэфIэкIуэным. Абы текIуэдэну мылькум дыщысхьыркъым икIи Республикэ сымаджэщыр зыхуэй хуэзауэ къызэдгъэпэщыжынущ, - жиIащ Адыгейм и Президент Тхъэкlуашнэ Аслъэнджэрий.

Республикэ сымаджэщым иджыпсту зы кьат тращIыхь. Абы актовэ залрэ студентхэр щеджэ пэшипIэрэ хэтынущ.

ЩIыхуэр зэтрехьэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ, Хьэбзэ районым иджыблагъэ щрагъэкIуэкIа прокурор къэщIыгъэныгъэхэм кьагъэлъэгъуащ куейм и бюджет IэнатIэхэм сом мелуанитхум нэблагъэ улахуэмкIэ щIыхуэу зэрызэтрагъэхьар.***

ПРОКУРАТУРЭМ къызэрыщIигъэщамкIэ, къуажэ егъэджакIуэхэм, докутырхэм, творческэ лэжьакIуэхэм псэупIэ, коммуналнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр ятын папщIэ яIэрыхьэн хуея социальнэ дэIэпыкъуныгъэ лъагъэсакъым. Апхуэдэуи улахуэмкIэ, пенсэмкIэ, стипендиехэмкIэ, нэгъуэщIхэмкIи Хьэбзэ трабльхэм я щIыхь з

Дэ дыззэкъуэтщ икIи аращ къару къытхэзылъхьэр!

Апхуэдэ гупсысэр и лъабжьэу щытащ Прохладнэ къалэмрэ Прохладнэ муниципальнэ районымрэ и Махуэм иращIэкIа гуфIэгъуэм. А махуэм щIыхуэзмэ закъыдищIати, хуабэт, уэфIт.

РАЙОНЫМРЭ къалэмрэ щIпсэухэм хъуэхъуакIуэ къахуэкIуат хьэщIэ лъапIэхэр - КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Жаморэ Владимир**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Меркулов Александр** КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Чеченов Ануар**, республикэм и Правительствэм хэтхэр, депутатхэр, Налшык, Мэздэгу, Новопавловск, Тэрч, Тырныауз къалэхэм, Ставрополь крайм щыщ Аксай, КъБР-м щыщ Лэскэн, Май, Шэрэдж муниципальнэ районхэм я Iэтащ1ыхьэхэр, республикэм и Iуэхущ1апIэ щIхьэхуэхэм, ди гъунэгъу щIынальхэхэм я лIыкIуэхэр.

- Нобэрей ди гуфIэгъуэм къыгэзыщIубыдэ Iуэху псоми я ефIэтащ1 «Дэдыгэкъуэтщ икIи аращ ди къарум и лъэщ1ыпIэр» псалъэ гъуэгуанэ зеужь, абы и экономикэм и лъэщ1ыпIэр зыгъэзащIэ Жаморэ Владимир.

Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 Меркулов Александр къыхигъэщхьэхукIащ Прохладнэр КъБР-м и промышленнэ, социальнэ, щэнхабзэ центр нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Районым зэпIэзэрыгъэужь, абы и экономикэм и лъэщ1ыпIэр зыгъэзащIэ Жаморэ Владимир.

Республикэм и депутатхэм я щIэкIэ зэIуущIэм хэтахэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Чеченов Ануар**.

ЗэIущIэм официальнэу утыку къыщIалъхьащ Прохладнэ муниципальнэ районым и официальнэ дамыгъэхэр - гербымрэ ныпымрэ. Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и депутатхэм къыхалъхьэри, ахэр Урысейм и Геральдистхэм я союзым игъэхьэзыращ. УФ-м ГеральдикэмкIэ и къэрал реестрым иратха а дамыгъэхэр районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащ1ыхьэмрэ къуажэ жылагъуэу районым хыхьэ 19-м я администрацэхэм я Iэтащ1ыхьэмрэ иратащ.

ЛУПЫРЕВЭ Ирин э.

Урысейм и Пенсионерхэм я союзыр къызэрызэрагъэпэщ1ри илъэс 15, КъБР-м и Пенсионерхэм я союзыр къызэрызэрагъэпэщ1ри илъэси 5 зэрырикъум и щIыхькIэ ирагъэкIуэкIа гуфIэгъуэ зэIуущIэм хэтахэм щIыхуэхэм

Зэрызыхуагъазэр

ДИ ХЭКУЭГЪУ, лъахэгъу лъапIэхэ! Ди жылагъуэм и социально-экономикэ, политикэ псэукIэм дыщыспIэкIэ, дэ гурыIуэгъуэ тщоху щIыхуэхэм я гъащIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа лэжьыгъэ зэщIэгъэуIуа зэрекIуэкIыр. Курыт школхэр, сабий спорт комплексэр яуху, егъэджэнигъэм и системэм псынщIэу зеужь, щэнхабзэр иофIакIуэ, мэкъумэш хозяйствэм иджырей технологиехэр къыщагъэсэбэп, промышленнэ предприятэхэр къагъэщIэрэщIэж. Зэи къэмыхъуауэ, ди щIынальхэм гъуэгуэрэр псынщIэу щаухуэр. Ми фIэщ мыхъуну псынщIэу зехъуэжь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къалащхьэ Налшык. Медицинэр сымаджэхэм еIэзэнымкIэ лъэхъэнэщIэм хыхьащ, лэжьапIэм псынщIэу хагъахьуэ, сом мелард куэд хъууэ газымкIэ, электрокъарумкIэ ятелъа щIыхуэр япшныжащ. ЛэжьапIэнщэхэм я бкIыгъэр гъэмэщIэным хуэунэтIауэ куэд зыбгъэхьI икIи предприятэ щхьэхуэхэм лэжьакIуэхэр зэрахуримыкIыу зыхъщIэу хуежьащ. Илъэс гъунэгъуэм кIрируфыдэу Iуащхьэмахуэ районым хыхьэ Iуащхьэмахуэ лъапэ и закъуэ лэжьапIэ Iэнатlэр мин 12,5-рэ къыщIэзэрагъэпэщIнущ. А бкIыгъэр псори зэхэту республикэм лэжьапIэнщэу щIэлэжьэ я зэхуэдитIым ноблагъэ. Нужьрей илъэсхэм рекламэ кIыхьэ екIуулэныгъэхэм куэдрэ утепсэлъыхьырыбнущ икIи абыхэм мыхьэнэ ин яIэщ.

Къыжьыпхъэщ ищхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуа Iуэхуфлэхэр зыгъэзыгъэзэжьынкIыр. Аэр кьадокIуэ республикэм и унафэщ1у Къаныокъуэ Арсен Башир и кьуэдзкIэ щIыпхъэхэм, абы и гупым хэтхэм я егупгъыныгъэшхэм.

Дэ, гуфIэгъуэ зэIуущIэм хэтхэм, щIэблэ нэхъыжьым щыщхэм, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми захудотлаазэ Президентым, Правительствэм, Парламентым быдзэу кIуэурвэну, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лъэпкъхэм я зэкъуэгъэныгъэр, зэкъуэгъэныгъэр, зэныбжьэкIуэнныгъэхэр зэрехьуэхъур кIуэзэхуэсахэм якIрИжэщ1 КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1м и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Жаморэ Владимир.

Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 Меркулов Александр къыхигъэщхьэхукIащ Прохладнэр КъБР-м и промышленнэ, социальнэ, щэнхабзэ центр нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Районым зэпIэзэрыгъэужь, абы и экономикэм и лъэщ1ыпIэр зыгъэзащIэ Жаморэ Владимир.

Республикэм и депутатхэм я щIэкIэ зэIуущIэм хэтахэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Чеченов Ануар**.

ЗэIущIэм официальнэу утыку къыщIалъхьащ Прохладнэ муниципальнэ районым и официальнэ дамыгъэхэр - гербымрэ ныпымрэ. Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и депутатхэм къыхалъхьэри, ахэр Урысейм и Геральдистхэм я союзым игъэхьэзыращ. УФ-м Геральдикэмкlэ и къэрал реестрым иратха а дамыгъэхэр районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащ1ыхьэмрэ къуажэ жылагъуэу районым хыхьэ 19-м я администрацэхэм я Iэтащ1ыхьэмрэ иратащ.

ЛУПЫРЕВЭ Ирин э.

● Къэбэрдей-Балъкъэрым и газ Iэнатlэр илъэс 50 ирокъу

Ар димыIэу ди нэгу къышIэдгъэхьэфынукъым

Газым ди гъащIэм щIэ мыхьэнэр апхуэдизкIэ нищи, псалъэкIэ къэIуэтэгъуэйи. Псом хуэмыдэу абы хэхъуащ дунейм апхуэдэ гъэсыныпхъэу куэдкIэ нэхъыбэ къыщагъэсэбэп мы зэманым. Урысейр газ гъэпытыпIэхэмкIэ къудейщи, къэрад Iэджэ къохъуапсэ, уеблэмэ къежьи яхэщ. Нужьрейхэм щIаупфэкъым, езыхэм яхуэмыупсэу, Къэм а фIыгъуэ тетыыджэр ди къэралым нэхъыбэу къыздэрыритам щхьэкIэ зэрызэгуэпыр, ауэ ар нэгъуэщI псалъэмакъщ икIи зыкIи схуэдIакъым нобэрей юбилейм - ди республикэм и газ хозяйствэр илъэс 50 зэрырикъум. Щэч гуэри хэмытыу, ар гуфIэгъуэщхущ Iэнатlэм пэрытхэм я мызакъуэу, тынщыгъуэ псори къызыдэкIуэ а гъэсыныпхъэ дIэужьыгъуэр къэзыгъэсэбэпхэм я дежкIи.

«Къэббалъкъгаз» ОАО-м и Iуэхуэхь гуп.

ИЛЪЭС 50 и пэкIэ, 1959 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м, КъБАССР-м псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым унафэ къыдигъэкIауэ щытащ Налшык къалэм газ участкэ къыщызэгъэпэщ1ным теухуауэ. Ар и щIэдзапIэу щытащ ЖКХ-м и Iэнатlэ щIыкIуэм къыщежьэу республикэм и нэхъ Iуэхущ1апIэ инхэм икIи зэпIэзэрытхэм хуэкIуэ «Къэббалъкъгаз» акционер обществэ зэIухам.

1960 гъэм ди къалащхьэм газ зэрыкIуэну япэ бжьамий километрхэр щаухьуэдиящ. Зы илъэс нэхъ дэмыкIыу щIыхуэпс газыр ди республикэм къэсащ. Газэгъэм ятхащ Налшык щыяпэу Iэфыкlэ фабрикэр щIыуэпс газкIэ гъэпIапIным зэрыхуэкIуар. Ар япэ лъабакъуэт.

Махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрамым и 15-нэ унэм «гъэсыныпхъэ щIыхур» щыпагъэнащ унагъуэхэм я хъэкуэхэм. Мыгувэу газыр яIэрыхьащ фэтэр 600-м.

1962 гъэм Нарткъалэрэ Прохладнэрэ, нэхъ нужьыIуэкIэ Бахъсэн, Май къалэхэм, кьуажэ зыбжанэм ар дэщэным, унэхэм щIэзыбгрыршынымрэ пыщIа лэжьыгъэшхэр щрагъэжьащ.

Iуэхущ1апIэхэм «гъэсныпхъэ щIыхур» къыхэзрагъэсэбэпым экономикэ фейдэшхэр къахуихьащ, езы «Къэббалъкъгазыр» пъэщагъышхуэ зыбгъэдэлъхэм яхьыкащ. Абы республикэм и куей псомкI къудамэхэр щIнэт, и цIэри зэпымыуэ фIыкIэ къраIуэрт. Къэбгъэлъэгъуэну ирикъунщ «Къэббалъкъгазыр» езым хуэдэу РСФСР-м щыIэ Iуэхущ1апIэхэм я нэхъ пашэхэм зэкIэлъыкIуэу илъэс куэдкIэ зэрыхабжьар.

90 гъэхэм ди къэралым экономикэр хуабжьу щызэIыхьауэ щытамэ, Iуэхущ1апIэм республикэр прикъуу газкIэ сыт щыгъуи къыхэригъэпэщащ, бжьамийхэр тэмэму игъэлэжьащ. Ар къалъытэри, 1998 гъэм «Къэббалъкъгазым» дунейпсо дамыгъэ гъапIэ къратащ зыпэрыт Iэнатlэм зэрехьуIэм папщIэ. Къыхэдгъэщынщ 2000 гъэм УФ-м етIуанэ увыпIэр зэрыщиубыдари.

Мы зэманым акционер обществэм щолажьэ щIыхуэмини 2-м щIигъу. Абыхэм КъБР-м и цIыхухэмэ Iуэхущ1апIэхэмрэ пэрыхьэту гъэсныпхъэкIэ къызэрагъэпэщ. Республикэм и жылагъуэ псоми газ зэрагъэзыкъом щIащ. Мы зэманым ар зыIэрымыхьэр щIезыгъэшэну зэкIэ хунэмыса унагъащIэхэрщ.

Газ Iэнатlэр дэтхэнэ кьалэмэ къуажэмэ куэду щыIэщ. Ахэр зэIуэпэщ1ыкIи шыпнагъэуэнщэу щытын папщIэ зэпымыуэ уи нэIэ ятебгъэтын хуейщ. Акционерэм ар яхуэзэфIокI.

Нужь илъэсхэм дэ газетхэм куэдрэ дыкъыщеджащ газ зэрыкIуэ бжьамийхэр кьуршхэм щхьэпрашурэ зэраукъуэдийм теухуа хьыбархэм. Абыхэм апхуэдэ Iуэхугъэ щебгъэкIуэкIыпапщIэ Iэзэгъыщхьэм кьыдэкIуэуи лIыгъэ ин пхэотын, бэшэчу ущытын хуейщ. Апхуэдэу зыкъагъэлъагъуащ зи гугъу сщIыхэм. Абыхэм илъэситIым кьурыбыдэу щIыпIэ кьуейщIей дыдэхэм - Тырныауз-Эльбрус-Азау гъуэгум - бжьамийр пхрашащ икIи ар лажьэу яутIыпщащ. Нэхъ гугъужу щытащ Къэщхьэтэу - Балъкъэр Ипщэ бжьамийр укъуэдиннри. Ауэ а лэжьыгъэмэ пэлъэщащ щIыхь пылъу.

Фыуэ лажьам фIыуи зигъэпсэхун хуейщ. ОАО-м и профсоюз зэгухьэныгъэм и унафэщI Золотарев Валерий зэрыжиIэмкIэ, Iуэ хущIапIэм гупытыгэшхуэ щыхуащI щIыхуэхэм, ахэр зыхуэкIуэ-зыхуэфIхэм. А псори щIыубзыхуащ гъэныкъуащ зэгурыIуэныгъэм. УФ-мрэ КъБР-мрэ хабзэхэмкIэ щыгъэувахэм кьадэкIуэу, Iуэхущ1апIэм езым и лэжьакIуэхэм льготэ зыбжанэ яретI. Псалъэм и хэзытыркIэ, ахьшэкIэ ягъэпажэ пенсэ кIуэхэр, зызыгъэпсэхунухэми ядоIэпыкъу. Апхуэдэу нэхъ хуэныкъуэхэм ссу дэхэмкIэ зыщIагъэкъуэ. Мыбы санаторэхэм зэрыкIуэну тхьилъхэр захуагъэ хэлъу щагуэш. Илъэс зыкъом хуауэ кIудым пщIэншэу зыщагъэпсэху тенджыз фIыцIэм и Iуфэм Iут пансионат зыкъызыхьэм. Я унагъуэхэм щыщхэмэ пщIэуэ Iахьыр машIэщ.

Сабийхэм я узынщагъэр псом нэхърэ нэхъапэщ. Лэжьакlуэхэм я бынхэм гъэхэмрэ. Мыбы щылажьэхэм спортри я Iэпэгъущ.

А псори я Iэужьщ акционер общество зэIухам и унафэщIхэмрэ профсоюз зэгухьэныгъэмрэ зэрызэгурыIуэм, зызэрызэхащIыкIым.

ЛэжьыгъэмкIэ дызэхэжьыщи, республикэм и газэзовинхэм мы зэманым гупытэшхуэ хуащI я лэжьэкIэр сыт и лъэныкъуэкIи егъэфIэкIуэным. Я пэ ирагъэщ технологиещIэхэм хуэкIуэным, Iэнатlэхэр техникэщIэкIэ, IэмэпсымэщIэхэмкIэ зэщIэуэзэдэным ехьэлIа Iуэ хуэхэр.

Илъэс 50 блэкIам яхуэзфIэкIаехэр зэ халъхьэж, Iуэ хугъуэщIэхэр яубзыху иджыпстуи, «Къэббалъкъгазым» и къэкIуэнур, шэч хэмылъу, лэжьыгъэ купщафIэкIэ гъэнщIауэ щытынущ. НэгъуэщIу есакъым зи юбилей иныр нобэ зыгъэпIапIэу хъуэхъу зыхуаIэтхэр.

МАХЬШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Зэфlагъэкlахэр, илъэсипщlихэмкlэ зэпыудауэ

● Бжьыгъэхэм къаlуатэ

1959 - 1969 гъэхэм

А илъэсхэм газ кIуапIэ бжьамийуэ псори зэхэту километр 467,5-рэ яукъуэдиящ. Къуажэ щIыпIэхэм яхуозэ километр 23-м щигъу.

Газыр яIрыхьащ фэтэрэ, щхьэжакъуэ унэу 43.620-м, Абыхэм ящыщу щIыуэпс газыр унагъуэ 26.246-м, газ ткIуаткIуэр - 17.374-м къагъэсэбэпырт.

1969 гъэм щIыуэпс газыр кубометр мелуан 295,2-рэ, газ ткIуаткIуэу тонн 13,5-рэ ящащ.

Республикэм и жылагъуэхэм я процент 21,8-м «гъэсныпхъэ щIыхур» яIрыхьащ.

Газ зыгъуэ станцхэр лажьэу щаутIыпщащ Налшык, Нарткъалэ, Май къалэхэм, Ставрополь крайм хыхьэ Новопавловскэ станицIэм, Ново-Поттавкэ къуажэм.

ЩIыуэпс газыр кьащагъэсэбэпырт Налшык, Нарт кьалэ, Бахъсэн, Тырныауз, Прохладнэ кьалэхэм.

1970 - 1979 гъэхэм

Газ зэрыкIуэ бжьамийхэм я кIыхьагъщ километр 1435-рэ. Къуажэ щIыпIэхэм яхуозэ километр 268,5-рэ. Газ яIэщ фэтэрэ, щхьэжакъуэ унэу 144.501-м.

ЩIыпIэ-щIыпIэхэм щолажьэ газ зезыгъакIуэ пункту 124-рэ.

«Гъэсныпхъэ щIыхумкIэ» мэлажьэ промышленностым и Iуэхущ1апIи 132-рэ, унагъуэ Iуэхутхьобзэ щIыхуапIэу 744-рэ, километр 268,5-рэ. Газ яIэщ фэтэрэ, щхьэжакъуэ унэу 144.501-м.

1977 гъэм щIыуэпс газыр кубометр мелуан 685,2-рэ, газ ткIуаткIуэу тонни 145-рэ ящащ.

Республикэм и щIыпIэхэм я процент 83,3-м газыр нэсащ.

Газ зыгъуэ станцхэр илъэсипщIым щаухуащ Шэджэм Iэзанэ, Шэджэм ЕтIуанэ жылагъуэхэм, Кьуэ-Тэбл, Краснооеськэ, Пролетарскэ, Джэрмэншык кьуажэхэм, нэгъуэщI щIыпIэ зыбжанэми.

1980 - 1989 гъэхэм

Газ зэрыкIуэ бжьамийхэм псори зэхэту километр 1730-м щигъу я кIыхьагъщ. Абыхэм ящыщу кьуажэ щIыпIэхэм яхуозэ километр 686,37-р.

Газ яIэщ фэтэрэ, щхьэжакъуэ унэу 189.582-м.

ЩIыуэпс газым иролажьэ промышленностым и Iуэхущ1апIи 107-рэ, Iуэхутхьобзэщ1апIэу 770-рэ, мэкъумэш Iэнатlэу 139-рэ.

1980 гъэм кьыщыщIэдзауэ 1989 гъэм нэс газыр зыгъуэш станцхэр щаутIыпщащ Ставрополь крайм хыхьэ Зольскэ, Курскэ станицхэм, Осетие Ищхьэрэ - Аланием хыхьэ Чикола, КъБР-м и Малкэ, Сэрмакъ, Куба, Гундэлэн, Былым, Алтуд, Къэрэгъэщ, Прималкэ, Октябрьскэ, Новоивановскэ, Аргудан, Нартан, Старэ Шэрэдж кьуажэхэм.

ЩIыуэпс газыр кьагъэсэбэп Налшык, Прохладнэ, Аруан, Бахъсэн, Май, Iуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ, Тэрч, Шэджэм районхэм щыпсэухэм.

1990 - 1999 гъэхэм

Газ зэрыкIуэ бжьамийхэм псори зэхэту я кIыхьагъщ километр 5.352-рэ. Абыхэм ящыщу къуажэ щIыпIэхэм яхуозэ километр 3.217-р.

Газ яIэщ фэтэрэ, щхьэжакъуэ унэу 217.069-м.

ЩIыпIэ-щIыпIэхэм щолажьэ газ зыгъэш пункту 247-рэ, шкафу 642-р.

Республикэм и щIыпIэхэм я процент 93,4-м газыр нэсащ.

Илъэсипщ1ым къриубыдэу газ зыгъэш Iэмэпсымэхэр щIэуэ щагъэуващ щIыпIэ кудым.

2000 - 2009 гъэхэм

Газ зэрыкIуэ бжьамийхэм псори зэхэту я кIыхьагъщ километр 6.818-м щигъу. Абыхэм ящыщу километр 4.300-м нэсыр кьуажэ щIыпIэхэм яхуозэ.

2008 гъэм щIыуэпс газ зыгъэш мелардрэ мелуан 469-м щигъу, газ ткIуаткIуэу тонни 996-рэ ящащ.

Республикэм и щIыпIэ псоми газыр яIэтIэс. Мы зэманым пащэ щIыхуэхэмрэ Iуэхущ1апIэхэмрэ газыр нэхъ тынщу нэкIи пэрыхьэту яIэрыхьэным пыщIа Iуэхуэхэм.

ГЪУКIАКЪУЭ Инал.

Шэджэм кьалэм газ зыгъэш и станцыщIэм.

● Шэрэдж куей

Къуажэ школым и жэрдэм

Шэрэдж куейм хыхьэ Дзэрпэдджэж кьуажэм дэт курыт школым кьыкIылъащ кьуэдым щапхъэ яхуэхьуну Iуэху щхьэпэ. ЕзыгъэIэм и унафэщIхэмрэ тхьилъмкIэ езыгъэджэхэмрэ зи пащэ ныбжьыщIэ гушыщхуэ мы махуэхэм яIущIащ Совет Союзым и Лыхъужь Таран Петр и цIэр зэрихьэу Шэрэдж ауым щитIысыкIа заставэм и гъунапкъэхъумэхэм.

ШКОЛАКIУЭХЭРкъыщрашэкIащ зэщ1ыкъу тхьийм нэрыгъэ зэрыIкэрщIыпсэу унэхэм, я къалэныр щIэпхэм, я къалэныр щIэщрахьэлIэкIэ хъумакIуэ нэсу ящIыгъу хьэгъэхэр щаIыгъ щIыпIэхэм, Iэщ-фащэ хъуманIэхэм. ЕгъэджакIуэхэмрэ гъунапкъэм и хъумакIуэхэмрэ кьызэралытамкIэ, кьыдэкIуэтей щIэблэм ебгъэлъагъун хуейщ дзэкъулыкъур зэрыбрахьэкIыр икIи лъэныкъуитIри зэгурыIуащ Хэкум и патриот нэхэр гъэсэныжкIэ мыхьэнэщхуэ зиI мыпхуэдэ зэIущIэхэр дяпэкIэ щIэх-щIэхьыурэ и р а г ъ э I у э к I ы н у. Жэрдэмщ1акIуэхэм щэч кьытрахьэркъым зи армэ кIуэгъуэ щIалэгъуалэмэ мыпхуэдэ Iуэхуэхэм дерс ин кьызэрыхахынрэ.

ЖАНХЪУЭТЗуэз.

ИУЖЬРЕЙ зэманым дунейм и экологие щытыкIэр зэрекIалкIуэм и зэранкIэ фошыгъу, экономическэ узыфэхэр зыпкърытхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ икIи апхуэдэ щытыкIэ гугъум кьыкIынымтелажьэ зэпытщ Урысейм и щIэныгъэлэI хэр. А бжьам ирагъэкIуэкI кьэпщытэныгъэхэм я Iуэжьу кьэпIныгъэ хъунущ Прохладнэ куейм щIэуэ кьыщызэIуаха «Прохладнэ щакхъуэзавод» ОАО-р. Iуэхущ1апIэм игъэувагъи гугъу тщIы узыфэхэм уаэзэрыпэщ1этыну хущхьэгъэрэр - йодкиеинбыр - зыкъэпIыкъунущ Прохладнэ куейм щIэуэ кьыщызэIуаха «Прохладнэ щакхъуэзавод» ОАО-р. Iуэхущ1апIэм игъэувагъи гугъу тщIы узыфэхэм уаэзэрыпэщ1этыну хущхьэгъэрэр - йодкиеинбыр - зыкъэпIыкъунущ Прохладнэ куейм щIэуэ кьыщызэIуаха «Прохладнэ щакхъуэзавод» ОАО-р. Iуэхущ1апIэм игъэувагъи гугъу тщIы узыфэхэм уаэзэрыпэщ1этыну хущхьэгъэрэр - зыкъэпIыкъунущ Прохладнэ куейм щIэуэ кьыщызэIуаха «Прохладнэ щакхъуэзавод» ОАО-р. Iуэхущ1апIэм игъэувагъи зигугъу тщIы узыфэхэм уаэзэрыпэщ1этыну хущхьэгъэрэр - йодкиеинбы

КЪУЭКІЫПІЭ ГЪУНЭГЪУР ЖЫЖЬЭКЪЫМ

● Иордан гъуэгуанэ тхыгъэхэр

(КІэлыкІуэр. Пэщіэдзэр №№189-192, 194-хэм итц).

АдэкІэ Алий дегъэлъагъу дапхъэ гъэщІэгъуэным я инагъ елъытауэ щыІэкІэлъыхьа сэшхуэхэмрэ къамэхэмрэ. Абыхэм якІэхри къупщхьэ джафэм къыхэхат, дыщэрэ дыжьынкІэ тхыпхъэщІыпхъэ дахэхэр тедзат. Музейр зейм дыІэрыщигъэгъуэзамкІэ, сэ тхьэмпэхэм яэыныкъуэр «дамаск жыр» цІэрыІуэм къыхэщІыкІат, и ныкъуэри къумыкъухэм я ІэдакъэщІэкІт.

- Адыгэхэми, къумыкъухэми, нэгъуэщІхэми ящІа сэшхуэхэри къамэхэри эхъыумыцІыхукІынкІэ Іэмал иІэкым, абы нэщэнэ зэмылІэужьыгъуэ куэд иІэщи, ахэр Іэщэм и пІалъэ зыщІэхэм фІыуэ яцІыху, - жеІэ Бэчыжь Алий. - Зэрымыс-Іауэ, сэркІэ мылъапІэ хьэпшып мыбы щІэлъкъым, ауэ псом нэхърэ сызэрыгушхуэри егъэлеяуэ сызыхуэсакъри мы къамэрац. Мыр си дежкІэ зимыуаеэ щыІэкъым. Мыбы хуэдэрэ и ныбжьрэ иджы бгъуэтыжьынукъым. АпхуэдизкІэ сыщосхьри, жьы хъуа хьэпшыпхэр къэзыгъэщІэрэщІэж Іэщ ІагъэлІхэм (реставраторхэм) дзыхь яхуэсщІыркъым, си Іэкім зэзгъэпэщыжьыни сытегушхуэркъым. Абы къыхэкІыу къыщысІэрыхьам зэрыщыта дыдэм хуэдэу сохъумэ. Къамэр дыщэрэ гъуаплъэкІэ гъэщІэрэщІащ, илъэс 300-м нэблагъэ и «ныбжьщ», абы щыхьэт техъуэ бжыгъэ гуэрхэри, зыщІам и дамыгъи цІыІу дыдэу тедзащ. Зейуэ щыта адыгэм и цІэр сщІэркъым, ауэ Хэкур зрагъэбгына гуэрым Іэщ Іэлъу мы щІыпІэм къыхэзрыщыхутар хьэкъщ. Мыр адыгэ щІалэ гуэрым ищэжу къэзгъуэтри, сеужьэрэкІыу къэсщэхужащ, ауэ къамэм и хъыбарым, и къекІуэкІыкІам сызэрыщІэмыупщІам мызэ-мытІэу сыхущІегъуэжащ. Си гум жеІэ, сэ а къамэм и щэху къэсщІэну иджыри къыхэрыспэщылъыр, щэч зыхэмылъращи, абы и лъыхъуакІуэ «среджэ».

- Мы сурэтым итыр си анэшхуэ Бэчыжь Тыркухьащ, - жеІэ Алий, я унагъуэ сурэтхэр къыщегъэувэкІа дапхъэм сыбгъэдишауэ. - Ар щытрахам нанэ иджыри жьы хъуатэкъым, дахэт. Абы и гъуэгу плъагъу щІалэр сэращ, илъэс 12 - 13-м ситт, Сирием дыкІуауэ дыщыІэу мыр зытредгъэхат. Си адэшхуэм и къуэшхэм я гъусэу, и адэ-анэр дэщІыгъуу си адэ Бэчыжь МыІуминджэрий (мыбы къэкІуа нэужь Іэмин-Хьисэ фІащащ) Хэкум къыщикІам, илъэсибл и ныбжьу арат.

Алий дыдэрыщигъэгъуэзамкІэ, абы и адэр 1900 гъэм Дэхъушыкъуей къуажэм (иджырей КъШР-м хеубыдэ) къыщалъхуат, лъахэр щабгынар 1907 гъэрщ. Ахэр ящэ щыкІэ Хьэлэб (Сирие) дэтІысхьауэ щытащ, итІанэ МыІуминджэрий и закъуэ Хьэлэб къэнари, и къуэшхэр Амман кІуащ. Ар Бэчыжьхэм я нэхъыжьу Хэкум къикІа Хьисэ и дежь щыпсэуащ, Хьэлэб щеджащ, иужькІэ Амман кІуэжри дзэм хьхьащ.

- Къулыкъум хэту лъагъунэлъагъу къэкІуэжауэ и анэ Тыркухъан и гъусэу зытригъэхауэ арат мы сурэтыр, - жеІэ Алий. - МодэкІэ пльагъур Хэкур ябгынэну къежьа гупым фэеплъу зытрагъэхат. Абы итщ си адэшхуэ Мамыкъэрэ абы и ныбжьагъуэмрэ. Мыр си адэ къуэш Рэмэзанщ. Си анэр джылахъстэнейт, Щанэхэ я пхъурылъхут, Болэтей щыщ Губэшокъуэхэ ящхьут, ФатІимэт и цІэр. МыдэкІэ кэытетыр си къуэ нэхъыщІэ Иуан и сурэтырщ. Ар щІалэ жыдэжрщ, макъамэ етх, адыгэбзэкІи инджылызыбзэкІи уэрэд жеІэ, мыр си пхъуращ, и цІэр Щиринщ, бынхэм я курытщ. Мыр ди щІалэ нэхъыжь Іэминщ, къыбгъэдэтыр абы и щхьэгъуэращ. Мы тІур нэхъыбэрэ Хэкумкі щыІэщ, я Іуэхурэ я псэри абыкІэ етащ, я мурад къадэхъурэ, я лэжьыгъэр зэтеубла хъумэ абыкІэ къэнэжыну я мурадщ. Иуани хуабжьу щІохъуэпс Къэбэрдейм, и гурыльхэр абы зэрепхар сощІэ...

Музей блынхэм фІэлъ сурэт дахэхэр зи ІэдакъэщІэкІым сыщыщІэупщІэм, Бэчыжь Алий иригушхуэу къызжиІащ ар Хэкум щыщ джылахъстэней сурэтыщІ Токъу Заудин и лэжьыгъэу зэрыщытыр, а щІалэр зыбжанэрэ Амман зэрыщыхьэщІар, я унэкъуэщхэри Иорданием къызэрыщигъэтыжар.

- Заудин сурэтыщІ Іэзэ дыдэщ, хьэлкІэ щІыху зэпІэзэрытщ, щэныфІэщ, зэрыунагъуэу ар фІыуэ долъагъу, - жеІэ Алий. - Си лъэІукІэ сурэт зэмылІэужьыгъуэхэр схуещІри, сигу ирихьэр къызощэхуж. Мис мыбы итщ Къэбэрдейм щыІэ Гуэл ЩхъуантІэхэр, ар акрил лэчкІэ щІащ. Налшык къыздисхауэ ди музейм щызохьумэ, Хэкур сигу къыщридзэкІэ, мыбы соплъ, псы Іуфэм сыІуту, салъкъын къабзэ къысщІихуу къысщохъури, си гур мэпсэху. Хэт къакІуэм, Заудин и лэжьыгъэхэр изогъэлъагъу, я жьзоІэ джылахъстэней щІалэм зэчий лъагэ зэрпІэр. ФІыщІэ хузощІ абы икІи и зэфІэкІым хигъахъуэу куэдрэ псэуну сохъуэхъу.

Музейм и бжэцхьэІу нэхъапэ ебэкъуар дэрами яреЙуэ, Алий и щІэщыгъуабзэу икІи емыязэщу тепсэлъыхьырт абы щІэлъ хьэпшыпхэм, дэтхэнэми теухуауэ жІІэн зэрикуэдыр белджылыуэ. УмыгъэщІэгъуэнкІэ Іэмал иІэтэкъым Бэчыжьхэ я унеи музейм

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Лъэпкъ зэныбжьэгъуэм и джэлэс

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я нэІэ щІэту ди республикэм щекІуэкІащ СНГ-м хыхьэ къэралхэм я лъэпкъ творчествэм и II дунейпсо щІалэгъуалэ фестивалыр.

●Фестиваль

ЖЭПУ ЭГЪУЭМ и 11-м Налшык къыщрагъэблэгъащ Урысей Федерацэм и еджакІэ нэхъыщхьэ 23-м, Абхъазым, Азербайджаным, Белоруссием, Куржым, Къэзахъстаным, Украинэм, Узбекистаным, Армением, Молдавием, Таджикистаным кьикІа студентхэр. ХьэщІэхэмрэ бысымэхэмрэ а пщыхьэщхьэм зэрыщІыхуащ, етІуанэ махуэм зыхуагъэхьэзыращ.

Бжьыхьэ дыгъэм и бзий гуапэхэр жмарту щигуэм пщэдджьыжьт Къэбэрдей-Балькъэр къэралуниверситетым и махуэшхуэр щигъэлъапІэр. Дунейпсо фестивалыр къыщызэІуах махуэмрэ КъБКъУ-м и махуэшхуэмрэ зэрихьэлІати, КъБР-м и адрей еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэсхэм я закъуэтэкъым КъБКъУ-м и хьэщІэр, атІэ щыпІэ куэдым кьикІа щІалэгъуалэр кыхъеблэгъат.

ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъэуэтыным хуэпабгъэ, гъащІэр зи щІэщІагъуэ ныбжьыщІэхэр нэжэгужэу щыІэхуэсырт еджапІэм и гупэм ит утым. Махуэшхуэр къызэІуахащ КъБКъУ-м и студентхэу **Дол Каринэрэ Кочетков Олегрэ**, Абыхэм къызэхуэсахэр кІэщІу щагъэгъуэзащ университетым и тхыдэмрэ нобэ щекІуэкІ лэжьыгъэмрэ. Къэбгъэльагъуэмэ, Къэздэхьу Мухьэмэд, Таз Оксанэ сымэ, апхуэдэуи хамэ къэралхэм кьикІауэ университетым щеджэ студентхэм я лъэпкъ кьафэхэр ягъэзэщІащ.

Студентхэм я мурадхэмрэ хьуэпсапІэхэмрэ кьайхьуПІэну ехьэхуэгъащ университетым и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий.** ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм лъэпкъ интеллигенцэр зэрагъэхьэзырым къыхэкІыу абыхэм гульытэ нэхъыбэ яхуэщІын зэрыхуейр, ди университетым щедж студентхэм мымащІэу яхэтщ. Факультет 12-мрэ институтитІымрэ ЩІагъэ 41-м щыхэрагьаджэ, а лэжьыгъэр я пщэ дэльщ егъэджакІуэ 1500-м нэблагъэм.

КъБР-м и еджапІэ нэхъ паж зэхэм ящыщ зым, УФ-м и классик э университетхэм я деж епщІанэ увыпІэр щызыІыгъым, зэрыщІэсым я щхьэр льагэу яригъэлъагъуэкыт абы и студентхэм а махуэм. Абыхэм Іэгуауэщхуэ хуаІэту утыкум кърагъэблэгъащ уэрэдыкІэ «Амикс» театрыр. Апхуэдэу концертыр къыщІыхьаха нэужь, щалэгъуалэм я нэгу зрагъэужьащ «Стимул» уэрэджьыІакІуэ гупым, Отаровэ Радимэ, Къаздэхьу Мухьэмэд, Таз Оксанэ сымэ, апхуэдэуи хамэ къэралхэм кьикІауэ университетым щеджэ студентхэм я лъэпкъ кьафэхэр ягъэзэщІащ.

КъБКъУ-м и махуэр щагъэльапІэм ирагъэхьэлІат спорт зэпеуэхэри. Ахэри нэгуэшужьу екІуэкІащ, хьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ зэрытемыгъэкІуауи ихуащ. Университетым и факультет зэхуэмыдэхэм къыщрагъэпэща гъэльэгуэныгъэри гъэщІэгъуэнт - адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ, ди республикэм щыпсэу нэгъэщІ лъэпкъхэм я ерыскьы Іэфіхэмкі Іэнэхэр кьаубэдат. ЩІэщыгъуэт икІи къыззэхуэсахэм ягу ирихьат хамэ къэралхэм кьикІауэ университетым щеджэхэм япщэфІахэри. Йемен щыщ щІалэхэм шхыныгъуэ зыбжанэ кьытрагъэуват я Іэнэм: капса, лахма, сальтэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэм кьыджакІащ ди лъэпкъ шхыныгъуэхэр зэрызэмыщІхьым хуэдэ дыдэу ди щыхухэри, щыІуэпсри, щыпІэри зэрызэхуэмыдэр. Гуэл щхьуантІэхэр, щымахуэм кьес уэсыр зэрафІэгъэщІэгъуэныр, ди лъахэгъэхэм я гуапагъыр зэрызыхащІэр, КъБКъУ-м яфІэфІу зэрыщеджэр кьыджакІащ псэльэгъу тхуэхьуа щІалэхэм.

Абхъаз къэрал университетым и студентхэу Какалие Инар, Мишуковэ Илонэ, Аншбэ Рустам сымэ.

ШЭДЖАГЪУЭМ университетым щыщІдзащ щІэныгъэ-практикэ конференцым. Ар теухуауэ щытащ гъащІэм, щІэныгъэм щІэуэ кьыхьыхэхэр щалэгъуалэм кьаэрыщыльытэ Іэщіагъэлі кьахэкІыну зэрахуэхьуапсэр кьыхагъэщащ Гуманитар зэдэлэжьэныгъэхэмкІэ къэралхэм эдэай фондым и Іэтащхьэм и чэнджэщагъу **Рахимов Камол,** СНГ-м я щІалэгъуалэ, студент зэщІэхьееныгъэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр зыунэтІ советым и унафэщІ **Ильин Илья,** УФ-м Спортымкіэ, туризмэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министерствэм хэгъуэгухэм ядэлэжьэныгъэ зэрыгухьэр ильэс 400 зэрырикъуем и щІыхькІэ щыІэ утым деж щхьэж и лъэпкъ творчествэр щигъэлъэгъуащ. Абы и уэкІэ адыгэ джэгу яублащ. Хьэтиякіуэм джэгур зэрыригъэкІуэкІыр зыфІэгъэщІэгъуэн хьэщІэхэм кьуэдыжьну тегушхуахэри кьахэкІащ.

РЕСПУБЛИКЭМ кьебгъэлъагъахэри бысымхэри дэрэжэгъуэм зэщІиІэтэу щызэхуэсащ. Му зыкъэ театрым. «Содружество талантов-2009» II дунейпсо фестивалыр къызэІуихащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэ **Дыщэкі Мадинэ.** Фестивалыр угъурлы хьуну, студентхэм я сэбэныногъ зыхэль Іуэхуфі куэд кьыдэкІуэну кьызэхуэсахэм ехъуэжьу. Ди КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен махуэшхуэм хэтхэм зэрызэхуиІаззэм кьеджащ икІи ди республикэм и Іэтащхьэм кьызбгъэдэкІ саугъэтхэр яритыжащ фестивалым зыкъыщызыгъэльэгъуэну кьэкІуа гупхэм.

Пшыхьыр къызэІуаха нэужь, япэу утыку кьихьащ КъБКъУ-м уэрэдыкІэ и «Амикс» театрыр. Абыхэм «Кавказ» уэрэдыр ягъэзэщІэху, утык ум щызэблэкІащ Кавказым ис лъэпкъхэм я фащэхэр зыщыгъ щІалэгъуалэр. Абдеж щеГъэжьауэ театрым щІэсхэр зэщІакъым. Абы зыкъыщагъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым я уэрэджьІакІуэ, къэфакІуэ гупхэм, фестивалым хэт Абхъаз, Баку, Бейорус, Новгород, Тверь, Москва, Дагъыстан къэрал университетхэм, Ипщэ федеральнэ университетым, Киев лъэпкъ университетым, нэгъуэщІ еджапІэхэмэ кьикІа студентхэм.

НыбжьыщІэхэм зыхуагъаззу пшыхьым кьыщыпсэльащ Рахимов Камол, Йльин Илья сымэ, Шахов Сергей жиІащ КъБР-м хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Пащты Борис «УФ-м щІалэгъуалэ политикэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ щІэ лъапІэр кьыдэрыфІащар, абы щыхьэт техьуэ тхьылърэ медали иритыжащ.

Фестивалым хэта щІалэгъуалэм жаІащ Налшыкы хуабжьу ягу зэрырихьар, ди щІыхьхэри зэрыгуапэр. Абхъаз къэрал университетым и студентхэр иджы япэу кьакІуэу арами, щхьэ республикэм и хъыбар куэду ящІэрт.

- Мыпхуэдэ зэхьыхьэшхуэм дыкьыззэрыгагъэблэгъащ ахуабжьу ди гуапэ хуащ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, къэрал щхьэхуит дыззэрыкьуэр мыбы щызэхэтщащ. - кьыджиІащ Аншбэ Рустам (АКъУ, Сыхьум). - Дэ адрей къэралыгъуэхэм кьикІахэм я гъуэсу утыку дыкъохьэри, абы дегъэгушхуэ.

- Налшык зэрыдахэм и хъыбар куэдрэ зэхэсхами, си нэкІэ сльэгъуар нэхъ тельыджэ сщыхьуащ, - кьыпещэ псалъэмакъым Мишуковэ Илонэ (АКъУ, Сыхьум). - Апхуэдэуи адыгэхэр хуабжьу сигу кьыдыхьащ. Дыкъыщрагъэблагъэм «абхъазхэр ди кьуэщІ» жаІэу гулытэ лей кьыззэрытхуащІам сигъэгушхуащ.

«Сыхьум сыкъыкІыу Налшык сыкъэкІуа щхьэкІэ, ди унэ сыщыІэжу фІэкІа кьыстщхьуркъым, - жеІэ а университет дыдэм щджэ Какалие Инар. - Нобэ кьуэш, ныбжьэгъу схуэхъуа щІалэхэм я гъуэсу лъакъуэрыгъажэ кьызэдэжэм сыхэтащ. Си еджэным мыбы щыпысщаРэт жысІэу, сехьуэпсащ».

Пшыхьым бзэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ щыжаІа уэрэдхэм, щагъэззэщІа лъэпкъ кьафэхэм, КВН командэхэм я гушыІэкІэхэм гур хагъахьуэрт, щІалэгъуалэр зэкъуйтхуэзэрт. Арат и кьалэныр спортсменхэр, творческэ гупхэр, уэрэджьыкІуэхэр, щІэныгъэлі, кьэхутакІуэ ныбжьыщІэхэр зэхуэзышэса фестивалми, ягъэ пшыхьым щегъэжьауэ щІалэгъуалэр псэнэгъэу ищІащ.

ФЕСТИВАЛЫМ щыпащ Іуащхьэмахуэ льапэ. Абы КъБКъУ-м щиІэ хэщІапІэм щІалэгъуалэр зэщІэпеуащ зэкъупсэ гупыщІэр кьызыхэщ уэрэдхэмкІэ, нэгъуэщІ зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэри ирагъэжьауэ, ЕтІуанэ махуэм ныбжьыщІэ нэхъ лъэрызехьэхэр гуп зэрыгъэхьури, Іуащхьэмахуэ и щыгум дэкІащ, я лъэпкъ бзракъэхэри абы драхьеящ. Уэрэджьыакіу е, къэфакІуэ ныбжьыщІэхэм Эльбрус поселкэм дэт курыт школым концерт щатащ, школым телевизор тыгъэ хуащІащ сабийхэми Іэфыкі-кІэ яхуэупсащ.

Жэпуэгъуэм и 15-м КъБКъУ-м и хэщІапІэм Іэтауэ, дэрэжэгъуэр щыкуэду щызэхуащыжащ СНГ-м хыхьэ къэралхэм я лъэпкъ творчествэм и II дунейпсо щІалэгъуалэ фестивалыр. КъБР-м Хьыбарегъащ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Гергоков Джамбулатрэ** КъБКъУ-м и проректор **Хьэмырзэ Хьэрэтэлийрэ** фестивалым хэтахэм ехьэхуэхьащ икІи Щыхьэтхыльэр ираташ.

ЩІалэгъуалэ 3.000-м нэблагъэ хэтащ фестивалым. Ахэр ныбжьэгъу зэрызэхуэхьам кьыдэкІуэу, ныбжьыщІэхэр экономикэм, политикэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм зегъэужьыным теухуа я Іуэху еплъыкІэхэмкІэ зэхъуэжащ, щІэныгъэлі ныбжьыщІэхэм я ехьэлІауэ зэрыщІэхьэхуэ щыщІэзэхуэхьэса выставкэм еплъащ, спортсменхэм, творческэ щІыхьхэм я зэфІэкІыр ягъэунэхуащ.

Зэныбжьэгъугъэм и джэлэс хьуа «Содружество талантов-2009» фестивалым хэта щІалэгъуалэр нобэ йожьэжь, гурыщІэ Іэфіхэм зыщІиІэтарэ я гур щызу.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Йеменым кьикІау э КъБКъУ-м щеджэ студентхэр.

●Фыщіэ

Фатімэ и уэрэдхэр

Текіуэныгъэ Иным и махуэр Нартхьадэ зыгъэтлапІэу, Щэнхабзэмкіэ унэм сыщыхьат. Абы щатырт махуэшхуэ концерт.

МАКЪАМЭМ хурагъаджэ ныбжьыщІэхэми ди артист ІэрыІуэхэми гум щІыхьэзауэ уэрэдхэри гуфІэгъуэм теухуахэри жаІэрт. Концертыр езыгъэкІуэкІыр утыкум кьихьэри жиІащ уэрэджьыІакІуэ Къуал ФатІимэ махуэшхуэ концертым кьыззэрыпищэр. И уэрэдхэм сыдихьэхыу къэбгІуэкІіами, езыр нобэ япэу слъагъуэ арат. Адыгэ щІыхубзым и теплъэ дахэмрэ и макъ гуакІуэмрэ концертым кьрихьэлІахэм я гур ихьэхуат. Сэ адакьикъэм сигу кьэкІыхащ дзэм сыщІыхэта зэманыр, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ си щІыналъэм кьызэрыгъэззэжьам абы и уэрэдхэм я фІыщІ хэтат.

1959 гъэм армэм граджащ, абы и уэкьІэ дзэ училищэ сыщІэтІысхьэри, 2005 гъэрщІ пъахэм кьыщызгъэззэжар. Къэрал къуэлыкъу згъэзащІэу илъэс зыбжанэкІэ Конгэ (Африкэ) сыщыІащ. Абы щыІэзрыщІыхэри ныбжьэгъу дыщызахэхъуат физик Іэзэ, щІэныгъэлІ, тхакІуэ щІэрыІуэ Елмэс Іэулдинрэ сэрэ. Ар парт еджапІэ нэхъыщхьэм и егъэджакІуэу абы щыІэт. Зы махуэ гурым абы кьыс-Іэщілъхьащ адыгэ уэрэджьыІакІуэхэм ягъэзащІэ уэрэдхэр зытет кассетэр икІи кьызжиІащ: «Хамэм уахэт зэныгъэ, анэдэхьубзэр зыщыбгъэгъупщэнкІэ Іэмал зимыІэщІи, зэман ущиІэм деж мы уэрэдхэм едаІуэ». Сэ кассетэр хуабжьу сигу ирихьат, сфІэфІу седаІуэрт, псом хуэмыдэу Къуал ФатІимэ игъэзащІэ «Дакьикъэ ныкьуэ», «Вагъуэнж», «Си Къэбэрдей уэрэдхэм. Къохъун кьуажэм теухуауэ жиІэ уэрэдым сыщедаІуэкІэ, си нэпсыр кьригъаІуэрт, сыщалъхуэ Арщыбан си гум кьыригъэзэрти. А кассетэр си деж кІэ лъапІэ дыдэ хъуат а зэманым. Абы тет макъамэхэм сыщІэжеиІырт, сыкьыщэушырт. Уеблэмэ сызэрыс кхъухьлъатэм и моторым ищІ макъышхуэм ФатІимэ и уэрэдхэр кьызэІуКІыну кьысфІэщІырт.

Апхуэдэ гукъэкІыжхэм сыкьыхэпажащ Къуал ФатІимэ валъс кьафэу, «Синий платочек» уэрэдыр жиІэу утыкум зэритым. Сэри сыдэкІри, ФатІимэ кьэзгъэфащ. Си фІыщ хьуртэкъым яджьпсту дзэм сыхэту илъэс кудкІэ си макъ дахэ зэхэса, зи уэрэд седаІуэ артистхэм сыкьыдэфэу. Сигу имыкъуа адэжь лъахэм, хуабжьу сызыхуэзэша благъэ-Іыхьлъхэм уэрэдзбзэу, сыщыгуфІыкІырт а уэрэджьыІакІуэм.

Макъамэр нуха нэужь, зыбкъэщІэжри, ФатІимэ и жагъуэ сщІамэ кьыскуигъэгъуну сельэІуащ.

- Ущогъуэзэн щыІэкъым, - гуапэу жэуап кьызэтыжащ абы.

- Щыхуэзэн зэбгрымыкІыж щыкІэ, «Вот кто-то с гороч-ки спустился», «Расцвела белоснежная вишня» урыс уэрэдхэр кьыджепІэфын, - пызоощэ адэкІэ си псалъэхэм.

- Жахуэр пэжмэ, кьыздежьу, - жеІэ ФатІимэ.

И гъусэу сценэм ситу, уэрэдхэр зэрыхьукІэ абы дыжьІэІэ, ауэ, пэжщ, нужьыкІэ хуабжьу сриукІыгъэжат апхуэдэу зэрысщІам.

Абы и ужькІэ ФатІимэ и уэрэдхэр зытет диск кьэсщхуну Налшыкы Нарткъалэ ди сыщыпхьыхьуати, згъэтакъым, Къулым и уэрэд жыІэкІэр зигу ирихьэр мащІэ - дауи, зэрапхъуауэ кьыщІэкІынт.

ФатІимэ макъамэмкІэ и япэ егъэджакІуэр и анэ пшынауэрт. Школьм щыщІэсам щегъэжьауэ уэрэд жеІэ. Зи адэр пасэу зыщхьэщыкІа зэрыбгынйм кьахэна анэр дэІэпыкъуэгъу зэхъуэкъуати, курыт еджапІэр кьиуха нэужь, ФатІимэ лжьаплІэ ныбжьэм хуей мэхъу. Іэнатіэ гугъуэм пэрытами, макъамэ дерсхэр Іэщіыб ищІакьым: уэрэдэр жиІэрт, оперэ ариехэр зригъащІэрт. И шыпхъу Бе кьыпгроІуэ ФатІимэ уэрэджьыІакІуэ кьызэрыхъэкІынри пшынауэ Іэзэ, уэрэдус ЖьакІэмыхъу Жансурэт и деж ещэ.

- Жансурэт кьысхуищІар игъащІэкІэ сщыгъупщэнкъым. Абы итха уэрэд дахэхэр сэ жысІэну кьызэрысхунгъэфащэм нэмыщІ, макъамэр гурэ псэкІэ зыхэсщІэу сигъэсащ, - жеІэ ФатІимэ.

Кьулыр «Нарт хасэ» ансамблым илъэс 20-кІэ хэтащ, Даур Аслъэн кьызэрригъэпэщауэ щыта «Адыгэ пшынатІэ» гупми уэрэд щыжиІащ, ди республикэми. Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгеймиі, нэгъуэщІ щІыпІэхэми хтыжу кьащІихьащ.

ФатІимэ Къэрал филармониеи щолажьэ, илъэс 30 пшандэрэ сценэм итщ. Кьулым и зэфІэкІкІэ щигъэпъэгъуащ Венгриеи, Туркуи, Чехословакиеи, Румыниеи, Польшэм, Сириеи, Москва, Сочэ кьалэхэм.

Мы гъэм кхъухьлъатэзэхуэхэм я махуэм ФатІимэ кьызэитащ и уэрэд дахэхэр зытет дискыщІэ. Кьызэхъуэхъуну кьрихьэлІахэр (кьызэгъэзащІыну сыхуейт зы унагъуэм офицеру тху дызэрисыр) абы щІэгъэдаІуэм, ягъэщІагъэуэ жаІащ ищІ щыпІэм щыпсэу пэтми, апхуэдэ диск зэрамыІэр.

Уэрэдым дамэ иІэщ ирильэтэфыну, ар жьжьэ нэсынуми зиныІэтыхьхэнуми зэпытар уэрэджьыІакІуэрэ.

Си гугъэщ ФатІимэ и макъ жьгъэирумкІэ, и уэрэд дахэхэмкІэ жьжьэ нэсауэ.

МЭРЕМЫКЪУ Лиуан,
УФ-м и ВВС-м и вечран. Нарткъалэ.

● Шашкэ-шахмат зэпеуэ

Дунейпсо зэхьэзэхуэм къыщыхожанькІ

Фокіадэм и 25 - жэпуэгъуэм и 5-хэм урыс шашкэхэмкІэ дунейпсо пашэныгъэр къыщыхьыным теухуа XVIII зэхьэзэхуэр Аддер щекІуэкІащ.

«ЧЕРНОМОРЕЦ» пансионатым щызэхэта зэпеуэм кьрихьэлІащ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм кьикІа шашист нэхъ лъэрызехьэхэр. Зэхьэзэхуэр щекІуэкІащ я ныбжь еІыгъуэ гуэшащэ щыта гупиблым.

1997 - 1998 гъэхэм кьалъхуахэм я деж ещанэ увыпІэр щиубыдащ ди лъэпкъэгъу. Тэрч дэт шахмат-шашкэ клубым и гъэсэн Ахэмын Адисэ. Абы кьыхуагъэфэщащ диплом, медаль, кубок, саугъэт лъапІэхэр.

Пщащэ зэчинфІэр ягъасэ тренер Балъкьыз Батийрэ и адэ Ахэмын Феликсрэ.

КьыщыпэмыщІауэ, Адлер а махуэхэм щызэхэтащ шахматхэмкІэ Урысеипсо чемпионат. Абы кьрихьэлІащ къэралым и щыналъэхэм щынэхъ лъэщ шахматист 78-рэ. Зэхьэзэхуэм фІы дыдэу зыкьыщыгъэтлъэгъуащ Балъкьыз Батий.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лЫкІуэхэр зэхьэзэхуэхэм кІуэныжмкІэ щІэгъэкъуэн хьуащ КъБР-м Шахматхэмрэ шашкэхэмкІэ и федерацэм и президент Дыщэкі Мадинэрэ республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министр АфІэунэ Аслъэнрэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Гу зылъытапхъэ

Республикэм и пощт ІэнатІэхэмрэ тхылъ щапІэхэмрэ кьыщывгъуэтынущ «Дыу» тхылъыр. Абы итщ Алыхым и щІэ лъапІэмкІэ кьригъажьэ дыу 650-рэ, КъурІэным и сурэ 114-р. Ахэр фи узыншагъэр зэтегъэувэжьнымкІэ, фи гурыльхэр кьыдэхъуІэнымкІэ сэбэп кьыфхуэхьунущ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжькьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІі щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щІихабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущапхэхэм ядэлэжьэныгъэкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ щІыпІэмкІэ - 42-22-88; егъэджакІуэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапіэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм и эу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакторхэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынырэ и щІэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкІэ жуэап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІі щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эльбэ, редактору Ныбжь Таисэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1,4-нэ нап.)*, Цей Заирэ *(2,3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ:* Ныр Саидэ, Мэлбэхъуэ Анжелэ, *сурэтыщІ* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 22.45-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.014●Заказ №3327